

Pòtrè Fanm

Yon ribrik ki mete limyè
sou jèn fanm
ak reyalyasyon yo



Mars
2025

INTRODUCTION

Pour cette journée internationale des droits des femmes, le Groupe d' Action Francophone pour l' Environnement (GAFE) réitère son engagement dans l' identification, l' accompagnement et l' encadrement des hommes et des femmes pour une société plus juste et équilibrée. Le GAFE croit dans un monde qui s' investit dans l' humain, avec un Conseil d' administration qui compte trois femmes sur cinq membres, le GAFE a toujours soutenu le projet de contrecarrer toutes formes de discrimination axée sur le sexe au niveau interne et externe.

Le GAFE a travaillé au renforcement de la participation des femmes à la vie publique et politique au niveau territorial en Haïti, a incité les femmes à agir pour l' environnement, a appuyé des activistes pour la promotion des droits des femmes etc. Le GAFE, à travers sa charte pour l' égalité femmes/hommes, s' engage à « veiller au respect mutuel entre les sexes et lutte contre les stéréotypes et toutes les discriminations et violences (sexuelles, sexistes, homophobes, etc.) ».

En 2024, toujours dans le cadre des diverses actions du GAFE menées sur le genre, la rubrique « Pòtrè Fanm » a vu le jour. Cette rubrique a pour objectif, entre autres, de dresser le portrait des femmes qui s' engagent activement dans leur communauté, de mettre en lumière leurs actions et inciter d' autres femmes à s' en inspirer pour ne pas se laisser intimider ni se donner de limite quand elles veulent réaliser des choses. Pour cette année, la rubrique apporte un nouveau format, un magazine. Dans une aventure bilinguisme, ce magazine invite ses lecteurs-trices à découvrir cinq jeunes femmes engagées venant des départements de l' Ouest, du Centre et du Nord-Est qui croient, à l' instar de Bernadette Lafont, que la liberté c' est quelque chose qui se prend et non qui se donne.

Que cette journée ne soit pas seulement comblée par l' achat des fleurs ou de cadeaux mais serve de tremplin pour encourager :

- Les institutions à mettre en place de nouveaux dispositifs visant à prendre en compte les besoins spécifiques des femmes et prévenir des situations « potentiellement génératrices de violences ou de discrimination » ;
- Les gens à adopter des comportements sains et respectueux vis-à-vis des femmes et « à participer à des actions de sensibilisation et/ou de formation à l' égalité entre les sexes » ;
- Les parents à réorienter l' éducation de leurs enfants (filles/garçons) en leur offrant la même chance de réussir et de se faire valoir.

Miselène Jean, référente genre au sein du GAFE

Micaina Joseph



Mwen rele Micaina Joseph, mwen fèt Kenskòf e se la m ap viv depi 24 lane ki se laj mwen tou. Mwen se yon jèn pwofesyonèl, animatris, aktivis kominotè e mwen se prezidan yon jèn asosyasyon fanm ki se "Harmonie pour elles".

Mwen kòmanse pran konsyans mwen dwe anbrase yon koz nan kominote m nan lane 2021. Mwen te nan klas tèminal, nan peryòd sa GAFE (Groupe d'Action Francophone pour l'Environnement) te gen pwojè akonpayman pou 84 jèn nan 6 komin, pami yo Kenskòf. Lè anons lan te rive nan lekòl mwen, lòt kanmarad mwen yo pa t enterese, paske pase egzamen ofisyèl te priyorite yo. Lè m vin aprann sa, mwen te aksepte pase tout etap yo, e erezman mwen te pami seleksyone yo.

Se aprè 3 lane nan pwogram sa, mwen konprann misyon m ak kòman m ka enplike m nan batay sosyal nan kominote m.



Premye batay mwen chwazi enplike m konsène move tretman anviwònman. Mwen panse se yon angajman pou byennèt pou tout moun, se yon fason pou asire yon pi bon lavi pou lòt jenersyon k ap vini yo.

Mwen pa t deside limite sou yon sèl kòz, mwen vin wè li enpòtan pou m chèche konnen plis sou lòt pwoblèm kominote m nan ap fè fas e kote m ka kontribye nan pote solisyon nan poze bon aksyon. Se konsa m vin angaje m sou kesyon mo-


ve tretman fanm ap sibi. Se konsa, ansanm ak lòt jèn fanm, nou monte yon asosyasyon. Prensipal objektif la, se pote yon chanjman nan kondisyon sosyal, ekonomik ak politik medam yo, yon fason pou yo aksepte tèt yo et konnen dwa yo ak devwa yo antanke fanm.

Koz mwen anbrase yo gen gwo enpak sou mwen nan plizyè nivo:

- Entèlektyèl: Mwen oblije li ak fè rechèch sou tout sa ki gen pou wè ak kòz m ap defann yo, yon fason pou m gen referans ak konstui diskou m pou fè mesaj yo rive jwen moun ki konsène yo.
- Rankontre epi kolabore ak lòt jèn k ap mennen menm batay ak mwen: Sa ban m plis angouman pou m kontinye nan batay yo, paske m konnen m pa pou kont mwen.
- Ranfòse sans lidèchip mwen: Mwen vin pa pè pran inisyativ, sa fè m pran konfyans nan tèt mwen, sa ede m tou fè fas ak yon seri de defi.

Angajman m pran nan kominote konn fè fanmi m enkyè pou mwen, sitou lè m gen pou m pran pozisyon fas ak yon seri deriv. Men, yo vin gen plis konfyans nan mwen. Se menm atitid la tou pou antouraj mwen, anpil nan yo se konseye epi toujou ap voye je sou mwen epi voye bon enèji sou mwen. Batay rete batay! Nenpòt sa w deside kanpe anfas li, ap gen rezistans sou yon fòm oubyen yon lòt, pi gwo defi mwen rankontre se entimidasyon kit se paske se yon fanm oswa paske sa m ap defann yo ka mete an danje enterè lòt moun.

Jounen entènasyonal dwa fanm yo, se yon rapèl klè ki montrebatay fanm yo ap mennen an pa dwe gen kanpe ladann. Pou mwen, se yon okazyon pou n sonje viktya yo, reflechi sou defi yo, epi mete aksan sou nesesite, pou kontinye lit la. Li pa sèlman konsène fanm, men tout moun. Travay ansanm nan lide pou kèlkeswa sèks yon moun, li gen menm opòtinite yo sou baz menm konpetans, menm dwa, ak menm respè.



Nan dènye tan sa yo, atak ki fèt sou komin Kenskòf la gen gwo enpak sou tout moun ki nan komin nan, sitou nou pa abitye ak jan de frap sa yo. Pèsonèlman zak moun ak zam yo afekte m e li ralanti m nan pwojè m te genyen. Nouvèl ki rive jwenn nou yo chokan anpil, mwen santi m enpuisan devan dram sa yo, men mwen ret kwè tout bagay sa yo gen pou rive nan bout yo. Nanpwen lapriyè ki pa gen amen!

Konsèy mwen pou moun k ap li pawòl sa yo, se chèche konn kiyès ou ye, jwenn yon batay ki jis pou mennen, angaje w nan kominote w, kolabore ak lòt moun ki sanble w, sèvi tankou yon modèl, kontinye avanse, afwonte defi yo. Sonje menm ti jès ki pi piti yo enpòtan nan kreye sa ki pozitif.

Lourdeline Vallery



Yo rele m Lourdeline Vallery, men mwen gen ti non gate ki se « Chounoun ». Mwen se premye pitit manman m, katriyèm pou papa m, mwen gen an total 12 frè ak sè. Mwen fèt e grandi nan komin Beladè, sou responsablite matant ak tonton m, kote yo ankadre m nan tout etid klasik mwen.

Mwen se yon jèn ki gen anpil pasyon, sa pouse m aprann plizyè bagay, soti 2019 pou rive 2025, mwen pran plizyè fòmasyon ki pèmèt mwen kèk eksperyans tou.

Nan lane 2020, mwen aprann enfòmasyon, ekri pou sinema epi teknik kominikasyon. Gras ak seri fòmasyon sa yo, mwen te gen opòtinite fè yon premye eksperyans kòm sekretè nan yon radyo, kote m t ap pral anime yon emisyon sòti 2021 pou rive 2023 nan menm radyo sa. An menm tan, mwen konn ofri sèvis anime kèk aktivite kiltirèl ak lòt seremoni ki ofisyèl tou.

Mwen gen fòmasyon nan fabrikasyon pwodui pou antretyen nan kay tankou detèjan ak dezenfektan. Mwen rive nan nivo kote m ap bay lòt moun fòmasyon e m monte yon ti antrepriz ki se « VALOUTRANSFORMATION »

Nan mitan tout sa ki pasyone m, travay latè te toujou pami sa ki te priyorite pou mwen, e se nan sa m te toujou rekonèt mwen. Mwen pa rate okazyon pran fòmasyon sou entènèt ak sou plas nan domèn tankou : elvaj pwason, poul , abèy ak lòt ankò...

Mwen monte « PÉPIVALLERY » nan lane 2021, se yon ti antrepriz k ap evolye nan domèn transfòmasyon dechè òganik an fimye, nan pwodiksyon plizyè kalite plantil, nan elvaj pwason epi eksplwate myèl. Mwen kòmanse pran yon fòmasyon pou ti bout tan, pou m ranfòse epi agrandi antrepriz agrikòl mwen.

Anplis fòmasyon ak eksperyans mwen nan diferan domèn, mwen se yon militant k ap batay pou yon byennèt pou kominote m. Mwen reyalize plis pase 10 deba piblik nan tout rakwen nan komin Beladè, gras ak akonpayman GAFE-Haiti.

Nan lane 2020, aprè etid klasik mwen, m pa t rive al etidye agwonmi jan m te toujou swete sa. Mwen pase yon ane san m pa ka tanmen okenn etid. Mwen te kòmanse ekplwate tè, fè elvaj, aktivite sa te pèmèt mwen kòmanse fè m gen mwayen pou m peye kèk kou pasi pala. Epi, nan lane 2021, mwen vin pran konsepsyon de yon pwojè akonpayman pou 84 jèn GAFE-Haiti t ap mennen, kote yo t ap fè rekritman. Mwen te postile e m te pase tout etap yo, mwen te kalifye. Se nan avanti twa lane sa, ki ta pral vrèman

oryante m nan wout pou m reyalize tèt mwen tout bon tankou yon sitwayèn. Akonpayman sa yo ede m nan vi pèsònèl mwen, e yo ede m disipline antrepriz mwen, sitou « PÉPIVALLERY »

Sòti 2021 pou jis kounyea, «PÉPIVALLERY» fè kèk pa an avan ki ban m anpil satisfaksyon:

- Nan lane 2021, li patisipe nan yon pwojè CEDEL HAÏTI tap òganize, li te pami antrepiz ki te genyen pou depatman Sant la e l te resevwa plizyè seyans fòmasyon sou antreprenerya.
- Nan lane 2024, ak BRH li te benefisye plizyè seyans fòmasyon nan domèn antreprenerya e resevwa yon sibvansyon pou transforme dechè an fimye e konstui yon pi gran pepinyè .
- Nan lane 2024, li jwenn sipò GAFE-Haiti pou anrejistre tèt li kòm antrepriz nan ministè komès ak endistri epi jwenn finansman pou l egzekite yon pwojè mete sou pye yon basen pwason e l benefisye bon jan akonpayman teknik.
- Nan dat 12 dawou 2024, PEPIVALLERY te patisipe nan jounen mondyal lajenès nan Lascahobas, nan yon aktivite ak ACTIONAID.
- Depi lane 2024, PÉPIVALLÉRY se youn nan ajan anviwònmanal nan kad dyalòg PNUD t ap fè ak otorite lokal yo nan komin Beladè.

Nan kòmansman eksperyans mwen, mwen te manke konesans nan domèn agrikòl la, e se te pi gwo defi pou mwen. Mwen pa t vrèman an mezi pou m te konvenk fanmi m de sa m te vle fè yo. Se vre m te parèt tankou moun fou, m te konn vle dekouraje tou. Men m pa t gen lòt opsyon. Pasyon m pou domèn agrikòl la te pouse depase tout obstak, tout anvi abandone...

Jounen 8 mas sa, ki se jounen entènasynal dwa fanm, li reprezante pou mwen yon opòtinite pou chak fanm wè tèt yo tankou yon pilje nan sosyete a. Nou gen dwa pou n angaje n e kontribye nan tout aktivite ak desizyon k ap pran pou byennèt tout moun ak pou lavni.



Konsèy pa m pou chak moun, se depoze tout konplèks, depase tout kontrent pou n rive reyalize rèv nou yo. Pa tann ou gen tout bagay, okontrè, kòmanse ak anyen !

Chak ti pa konte nan angajman w pran yo.


Yasmine Sanon



Pour ce 08 mars 2025, faisons le portrait de cette jeune port-au-princienne, journaliste et étudiante en secourisme, qui évolue en Haïti et qui fait de l'environnement, la maltraitance des femmes et des filles son combat et qui vise aussi à s'engager dans la vie politique de son pays.

Elle répond au nom de Yasmine Sanon, issue d'une famille de sept enfants dont elle est la troisième, Yasmine a vu le jour en 1994 à Port-au-Prince dans la localité de Morne Sillon, route des Dalles. Elle nous a expliqué le contexte dans laquelle elle vit depuis que la situation d'insécurité sévit à Port-au-Prince et ses environs. Elle a vécu la majorité de son enfance à Carrefour-Feuille, Savane Pistache qu'elle a dû s'empresse de quitter pour sauver sa vie lorsque les gangs ont envahi son quartier. Reconnue comme une jeune femme engagée dans la lutte contre les produits en Styrofoam et les violences faites aux femmes et aux filles, l'équipe de la rubrique « Portrait des femmes » l'a invitée à en dire plus sur ses engagements.





Yasmine Sanon a eu ce déclic pour lutter contre les produits en Styrofoam en 2023, après avoir participé à un colloque qui a duré deux jours sur lesdits produits que le Groupe d'Action Francophone pour l'Environnement (GAFE) a organisé. Après avoir pris connaissances des enjeux du Styrofoam, elle a tout de suite compris qu'il était plus que nécessaire de s'engager à cette noble cause.

A cette même année, elle a pris part à une formation sur les violences faites aux femmes et aux filles. Après cette formation, elle s'est engagée dans une campagne de sensibilisation invitant les femmes victimes de violences à libérer la parole.

Faisant de son métier une arme de combat, elle partage avec nous comment ses engagements et son travail contribuent grandement à changer sa façon de penser, à renforcer sa confiance en soi et surtout à devenir un être beaucoup plus responsable dans ses choix et ses prises de décisions. Si grâce à ses engagements, Yasmine a pu encourager d'autres gens de son entourage à changer de comportements et à s'engager aussi comme citoyen.ne, elle a aussi connu pas mal de difficultés en empruntant cette nouvelle route. Elle nous a confié ceci : « La plus grande difficulté à laquelle je fais face c'est la stigmatisation par rapport à mon sexe, les gens pensent que je suis faible et limitée parce que je suis une femme ».

En cette journée internationale des droits des femmes, Yasmine Sanon en a profité pour inviter, d'une part, les femmes à ne pas se laisser faire, à les sensibiliser sur l'importance de s'engager dans des luttes visant à faire respecter leurs droits de vivre libre, de s'éduquer, de participer dans la vie publique du pays et surtout de prendre conscience de leurs capacités et qu'elles ne sont ni faibles ni limitées. Et d'autre part, elle en profite pour lancer un message à toutes les femmes victimes de harcèlement et d'agressions dans leur milieu de travail : « Sou kèlkeswa fòm li ye a, medam yo dwe mete fen a tout kalite asèlman ak agresyon menm kote a. Si sa kontinye, li enpòtan pou nou pote plent kont agresè a paske si sa kontinye l ap fini pa debouche sou sa ki pi mal nou te ka limite ».

Pour finir, Yasmine Sanon demande à tous.les ceux.celles qui vont lire son texte de mettre fin à leur passivité, de s'engager comme citoyen.ne responsable et de s'impliquer positivement dans les décisions qui se prennent au sein de leur famille, leur communauté et leur pays car pour elle :

« Tout sa w pa vle angaje w pèsonèlman ladanl, se yon lòt moun k ap angaje l ladanl pou ou ».



Nedge Orly Phanor



Mwen se Nedge Orly Phanor. Mwen se pitit Valyè , yon komin nan Nòdès peyi a. Mwen fè etid klasik mwen kay mè salezyèn yo nan Okap, epi etid inivèsité mwen nan fakilte lengwistik aplike (FLA). Gras ak yon patenarya inivèsité Leta ayisyen ak Sant anbilansye nasyonal te genyen, mwen te rive benefisye yon fòmasyon premye sekou jouk mwen te rive fòmatè nan menm domèn sa a.

Mwen se yon apikiltris gras ak akonpayman mwen te jwenn bò kote Groupe d' Action Francophone pour l' Environnement (GAFE). Mwen se yon atizan e m ap travay tèt kole ak yon atelye ki rele « Denise Atelier d' Art », yon fason pou ankadre plis jèn nan domèn atizay.

Mwen se yon jèn ki chaje ak foug, ki angaje nan divès batay, tankou goumen nan mezi m kapab pou bay lang kreyòl la jarèt, sa te kòmanse nan pakou mwen nan fakilte a. Mwen se yon aktivis ekolojik ki angaje m pou m vin yon sitwayen onèt depi nan lekòl klasik nan yon gwoup ki rele « Citoyens Actifs pour construire Haïti (CACH) », epi nan lane 2022, mwen te retounen jwenn kap yon mouvman konsa ankò ak GAFE.

Nan chak gwoupman m ap evolye, swa antanke lengwis, sekouris, fòmatè, aktivis ekolojik, atizay osinon nan lavi kotidyen m, mwen gen yon manman konba ankò mwen mennen ki travèse tout, ki se batay pou grad fanm monte pi wo nan sosyete a. Se yon konba ki poko tann zèl li jan sa dwe ye, malgre tout jan mond lan ap evolye.

Premye fwa mwen t ap vrèman santi m dwe batay antanke jèn fi, se te akòz yon prejije mwen te sibi nan yon gwoupman mwen t ap evolye, kote yon fraz konsa te repete : « wi, ou gen plis kapasite vre wi Nedge pou w mennen gwoup la men ou se yon tifi, se sekretè sèlman ou ka ye ». Se depi moman sa a mwen te santi m dwe enpoze mwen e fè vwa m rive pi lwen, paske mwen dwe nan plas nivo m merite a san distenksyon jan. E se konsa, mwen te tou lanse m nan konba a, jouk jounen jodi a ak tout rigè sa mande.



Pou sa ki gen pou wè ak batay pou lang kreyòl la, mwen ekri yon liv nan lang manman m ki pote non : « AYITI NAN MIWA M » (ki poko pibliye men ki nan wout pou sa). Se kontribisyon pa m nan lide pou sansibilize epi ankouraje plis lektè jwenn plis atachman pou lang lan. Toujou nan lide angajman m yo, pa rapò ak yon kriz dlo potab ki t ap travèse komin Valyè nan lane 2022, avèk anpil difikilte, mwen te rive mobilize anpil jèn, timoun, granmoun, ak kèk notab nan zòn nan pou nou te boukante lapawòl ansanm nan lide pou n te jwenn yon solisyon. Se konsa, yo te rive swiv plan mwen yo, jouk nou te rive jwenn solisyon nan moman an.

Batay m ap mennen yo débouche sou divès aspè nan lavi mwen. Nan yon premye tan, yo pèmèt mwen etann vwa m menm pou pi piti nan antouraj imedyata mwen. Kidonk sa pouse m pa rete bèbè, yo devlope kapasite m pou mwen rete djougan, epi vini yon vrè lidè. Nan fanmi mwen, yo apresye kapasite lidèchip mwen menm si sou menm bò sa a tou yo plenyen paske pafwa yo twouve m twò radikal.

Mwen rankontre difikilte nan chak batay sa yo ak sa kouran popilè yo pa janm sispann klèwonnen, tankou : « Kreyòl pa yon lang vwa pou li ta antre nan biwo ; ou se yon fi ; ou poko moun ase pou sosyete sa a ; ou twò piti; ou gen lè panse w ka chanje peyi sa a; sa se travay gason, elatriye ».

Tout sa yo pouse m bay rezon ak pwovèb kreyòl ki di “ Timoun pa antre nan jandam” nan. Antanke yon jèn fi ki ap batay nan divès kalite domèn, mwen konsidere jounen entènasyonal dwa fanm nan se tankou yon bouchon gazolin ki tonbe sou flanm nan ak chak 8 mas la, menm jan nou pran pou aki chak lòt jounen entènasyonal yo. Se kòm kwa jounen 8 mas la sifi pou reveye konsyans tout moun. Jounen sa a fè tout moun sonje batay pou fanm gen bon jan plas li nan sosyete a toujou la e fòk li kontinye.

Jan lavi isit ap degrenngole a li ta ka parèt pi fasil pou lanmè a seche, olye pou yon jèn fi ta rive tabli katye jeneral li kòm sadwa pou yon myezèt nan tout konba sa yo. Kote nan yon peyi tankou Ayiti, tout libète w kase nan pòch yon ti gwoup san sapat ak enpe ak vès. Pwojè lavni, konba chak jou, tout oblije klete nan tiwa, nan batay pou siviv sèlman.

Menm jan powèt la di l : “ Moun k ap batay pa mouri” modòd la ta sipoze “ann angaje n” kote chak moun ap gen pou jwe patisyon pa yo a jis amoni an rive fè eko.

Midwijeene Antoine

Mwen rele Midwijeene Antoine. Mwen fèt nan vil Ench e mwen genyen 26 lane. Mwen etidye syans jiridik ak jesyon e mwen se yon pasyone de tout sa ki gen rapò ak ekri (tèks, pwezi...), li epi chante. Se pou sa nan tan lib mwen, mwen patisipe nan divès aktivite tankou karaoké kote mwen ka pataje ak lòt jèn sam renmen fè.

Mwen angaje m nan plizyè batay, pami yo m ka site : batay pou dwa fanm respekte, batay pou demistifye sante mantal ak tout sa ki gen rapò ak byenèt epi batay pou pwoteksyon anviwònman. Men batay ki pi konkrè m mennen se batay kont estiwofòm depi nan lane 2021 aprè yon program mwen te jwenn opòtinite patisipe avèk « Groupe d'Action Francophone pour l'Environnement (GAFE) ».

Mwen kòmanse pran konsyans nesesite pou m angaje m antanke jèn fi, se lè m resi konprann tout fason yo te konn limite m lè m te timoun pa defini sa m ye vrèman antake fanm. Mwen grandi nan yon fanmi kretyèn kote yo te toujou ap aprann mwen janm inferyè pa rapò ak gason. Mwen te toujou santi pawòl sa yo tankou frèt sou po dom pandan m potko menm gen bon konprann pou m te konnen sosyete m ap viv ladanl lan tou banm plas mwen epi jije kapasite m sou yon sel kritè : « feminite » mwen. Youn nan diskou m grandi ak li m ka pran kòm egzanj vivan, se lè yon fanm reyalize yon bagay epi w tande : « malgre w se yon fanm ou rive fè sa ! »

Nan kad angajman m kòm fanm, kòm sitwayèn responsab, mwen patisipe anpil nan sa ki gen pou wè ak sansiblizasyon moun nan kominote kote m ap viv la atravè deba piblik, kanpay sansibilizasyon epi bay egzanj lan nan pa itilize estiwofòm. Mwen itilize foug ak detèminasyon m nan tout sa mwen angaje m, se yon fason pou m pouse lòt jèn parèy mwen angaje yo epi montre



fanm yo yo kapab reyalize tout sa yo vle, yo gen plas yo nan nenpòt sa yo swete antreprann.

Batay pa janm fasil, toujou gen difikilte nan kèlkeswa batay ou chwazi angaje w. Mwen menm, pi gwo baryè mwen jwenn nan kad batay m ap mennen yo se sitou presyon sosyal yo, se sa ki lakòz m fè twa fwa plis efò pou m kontinye lite.

Nan kad jounen entènasyonal dwa fanm yo, jounen ki mete limyè sou sa nou menm fanm nou rive reyalize, sou sa n ap mennen kòm batay (egalite nan dwa nou genyen, ledikasyon nou dwe jwenn, meyè kondisyon travay elatriye), mwen ta renmen pou tout jèn fi pran konsyans yo se yon fòs . Pa gen anyen ki ka limite yo si se pa yo menm ki vle sa a.





Pòtrè Fanm

Portrait des femmes est une rubrique qui fait partie des actions que mènent le Groupe d'Action Francophone pour l'Environnement (GAFE) sur le genre. Elle met en valeur des femmes engagées au niveau local et/ou national. Cette année, nous vous invitons à découvrir le portrait de cinq jeunes femmes haïtiennes qui ont su briser la barrière des préjugés et des stéréotypes pour impacter et inspirer positivement. Micaina Joseph (Kenscoff), Lourdeline Vallery (Belladère), Yasmine Sanon (Port-au-Prince), Nedge Orly Phanor (Vallières) et Midwijeon Antoine (Hinche) incarnent la résistance, la détermination et l'engagement.

A travers leurs témoignages, une chose est claire : « Quel que soit votre âge, votre sexe ou votre couleur de peau, il n'est jamais trop tard pour s'engager à une cause utile, importante et juste »

Rédaction: Miselène Jean et Maudeline Chérilus
Infographie: Dorcas Kemberling Marcelus
Production: Groupe d'Action Francophone pour l'Environnement